Тоге, магIарулал, миллат билизе! 2
ТIелекь гьоркьохъеб школалъе 110 сон. 3
Джамахириялъул ахир 4
Кто вы – антипатриоты? 6

maarulal.ru вацлъи.рф

ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ КАЛАМ

Культурно - просветительская газета № 10, октябрь, 2011 г. Распространяется бесплатно

мацI

Рахьдал мацI цIунизе гьабулеб хIалтIи

БукIуна цо-цо мекъаб пикру, хадубккун гъалатIлъун батиялдаса нилъго рохараб. Дида кидаго ракIалде ккола ан киналго миллатал журарал гIатIиракьалда рахьдал мацI цIуниялъул хIалтIи хашаб букIунилан ва гьенисан байбихьулеб батилин гьеб хвезейилан. Гьеб пикру гъалатIлъун батиялдаса дун хIакъикъаталдаги воххана дагьаб цебегIан гьоркьоб гIахьаллъи гьабизе щвараб цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIулеб рахьдал мацI цIуниялъул къецал рихьараб мехалъ.

2011 соналъул 27 октябралъ Гъизилюрт районалъул Самилахъ гъутаналъул гьоркьохъеб школалда тIобитIана магIарул мацI цIуниялъул Халкъияб лъай кьеялъул бакIалъулал гIуцIиялъул (ТУНО) школазул цIалдохъабазда гьоркьор къецал. Гьел гIуцIун рукIана лъабго бутIаялдасан: цIалдохъабаз жидерго хIакъалъулъ бицунеб хабар, пасихIго кечI бицин ва бокьараб темаялдаса жидецаго хъвараб хабар – сочинение. Къецазулъ гIахьаллъи гьабуна тIаса бищараб 6 – Кирпич-хъутаналъул, ЦIияб Хуштада школалъул, Къубаялъул, Самилахъ, Дарада-Мурадасезул, Учтюбеялъул ва ГIарада школазул командабаз.

ЦIалдохъабазул церерахъиналъул гьунаралъулъ бихьулеб букIана мугIалимзабаз магIарул мацI малъиялде кьолеб кIваралъул. ГIемерисел цIалдохъабаз жидецаго гьабураб кочIодалъун бицана жидерго гIумруялъул ва цIалудаса эркенаб заманалда гьаризе бокьулел ишазул хIакъалъулъ. Абизе ккола, магIарул мацIалда жидерго пикраби, мурадал загьир гьарулаго, бацIцIадаб магIарул мацI бицине бугеб бажариялъ ва кочIолъ рехсараб пикрудулъан биччазе бугеб гьунаралъ гьезие дарсал кьурал мугIалимзабазул захIат гIадада ккун гьечIеблъи бихьулеб букIана. Халкъалда цере кIалъай хIакъикъаталдаги бигьаяб иш гурелъул, цIалдохъабазул церерахъиналъулъ бугеб ракIчIеялъ гьезул букIинеселъулъ магIарул халкъалъул дангъва цIунараллъун рукIиналда кIудияб божилъи бихьулеб букIана. ГIицIго мацIалъул бечелъи гуребги, бихьулеб букIана гьезулъ гIагараб халкъалъул рухIияб рахъги рагIа-ракьанде щун загьирлъулеб букIин.

БатIаго бицен гьабизе ккараблъун бихьана рахьдал мацIалде цойги миллатазул церехъабазул бугеб бербалагьиги. Масала, тумазул Къуба росдал директор Залумхан МухIамадовичас тIадаблъун гьабун буго школалда щивав цIалдохъанасда жидерго рахьдал мацI малъи. Гьес нухмалъи гьабулеб школалдаса цIалдохъан Мадина МухIамадовалъ жиндиргобажариялдалъун ва гьунаралдалъун бихьизабуна мугIалимасул захIат ва нухмалъулезул бербалагьи гIадада гьечIеблъи. Къецаздаса хадуб букIараб данделъиялда Залумханица бицана рахьдал мацIалде бугеб бербалагьиялъул ва «батIияб миллаталъул цоцин цIалдохъан дир школалда вугониги, дица хIаракат бахъила гьесие умумузул мацIалъул дарсал кьезе шартIал рукIинаизе, щай гурелъул рахьдал мацIалъулъ гIицIго жиндирго халкъалъул мацI цIуни гуребги, гьелъул рухIиял рахъал цIуниги бугелъул. Гьелъ школалда тарбия кьеялъул хIалтIулги кIудияб бутIа жаниб бачуна», - ян абуна гьес.

Щибаб школалдаса рачIарал берзулал ва методикиял хIадурлъияз, ТУНО-ялъул хIалтIи гIадада гьечIеблъи бихьулеб букIана. ТIахьал хIисабалда хIадурарал методикиял ва къадада чIвалел берзулал хIалтIаби гурелги, школаз пайда босулеб бугоан гьанжесеб цере тIурал технологияздасаги.

Къецазул хIасилалда тIоцебесеб бакI ккуна ГIарада школалъул цIалдохъан ХIусен ХIажиевас, кIиабилеб – Самилахъ школалъул цIалдохъан Жавгьарат Гьиматовалъ, лъабабилеб – Учтюбеялдаса Адам Вагаевас. Цо-цо балалъ гурони цоял цояздаса батIалъи гьечIолъиялдалъун бихьулеб букIана киналго цIалдохъаби хакъикъаталдаги лъикI хIадурун ругеблъи.

ТIаде рачIаразул рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго Самилахъ школалъул директор Мадина ГIалиевалъе ва гьелъ нухмалъи гьабулеб коллективалъе. Къецал тIоритIизе гьарурал квегIенлъабиго гIадин, гьез берцинаб, квер биччараб хIадурлъи гьабун бугоан гьалбадерийги. Гьезул школалъул цIалдохъабазул кьурдиялъ асар гьабичIелги хутIунго ратиларо. Гьай – гьай данделъиялъул аслияб – гьеб букIана рахьдал мацIалде кьолеб кIвар, ва бичIчIулеб букIана ТУНО-ялъул нухмалъулезул бербалагьи гьечIого, гьеб нахъеккараблъун букIунеблъи. Гьединлъидал тIолабго магIарул халкъалъул рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго ТУНО-ялъул нухмалъулев СайидхIусен Гьиматовасе ва гьесул хIалтIул къокъаялъе.

Гьединго баркала кьезе бокьун буго къецазулъ гIахьаллъи гьабуразе:

1. Самилахъ школалъул директор Мадина ГIалиевалъе, мугIалим Зулпат СагIидовалъе ва цIалдохъан Гьиматова Жавгьаратий.

2. Кирпич хъутан школалъул директор Ибрагьим Юсуповасе, мугIалимзаби Къураева ПатIиматий, МуртазагIалиева Сажидатий ва цIалдохъан Гъазиева Анжелай.

3. ЦIияб Хуштада школалъул директорасие, мугIалим Аружан МухIамадкъасаровнаялъе ва цIалдохъан ГIабдулаева Шахрустаний.

4. Къуба школалъул директор Залумхан МухIамадовасе, мугIалимзабазий ва цIалдохъан МухIамадова Мадинай.

5. Дарада-Мурада школалъул директор Юсуп ГIалиевасе, мугIалим Сапият МусахIмаевалъе ва цIалдохъан ГIалибегова Хадижатий.

6. Учтюбеялъул школалъул директор ПатIимат Вагаевалъе, мугIалим Айбика Эсентаевалъе ва цIалдохъан Вагаев Адамий.

7. ГIарада школалъул директор Бика ХIажидадаевалъе, мугIалим Бигьда ХIажиевалъе ва цIалдохъан ХIусен ХIажиевасе.

МагIарул халкъалда кидаго кIоченаро нужер захIат. Нужеца гIагараб халкъалъул рахьдал мацI малъарал цIалдохъаби – гьел руго нужер захIматаб хIалтIиялъул хIалухъин ва шапакъат. Нуж кинигин гIагараб халкъалъул рухIиял рахъал мацIалдалъун гIолеб гIелалъухъе кьун цIунулел мугIалимзаби ругелдаса, магIарул халкъалъул бачIунеселъул ургъел унгоунголъуги бигьалъулеб буго.

Абизе ккола, магIарул мацIалда жидерго пикраби, мурадал загьир гьарулаго, бацIцIадаб магIарул мацI бицине бугеб бажариялъ ва кочIолъ рехсараб пикрудулъан биччазе бугеб гьунаралъ гьезие дарсал кьурал мугIалимзабазул захIат гIадада ккун гьечIеблъи бихьулеб букIана.

ИсмагIил Таймасханов

цIияб тIехь

«ЦIороса баккараб бакъ»



Дунялалда магIарулал камураб бакI кибго батиларилан абуниги, мекъи ккеларо. Амма, аслияб магIарулазул ВатIанлъун Дагъистан рикIкIаниги, гьеб бахун къватIирехунги магIуралазул тIубарал росаби-щагьарал руго. Масала гьел руго Турциялда, Гуржиялъ, Азербайджаналда.

Аслияб миллаталдаса батIа тIун рукIаниги, магIарулаз жидерго мацIги, цIарги, гIадат-гIамалги цIунизе кIвараб жигар бахъулеб буго. Гьелъие мисаллъун ккола дагьаб цебегIан МахIачхъалаялда къватIиб бачIараб Закатала районалъул Пашан росулъа БацIазул Ражабил «ЦIороса баккараб бакъ» абураб кучIдузул тIехь. ТIехь басмаялде бахъине къачIана Лъелеб-уба росулъа Ислам Болаевас, Лачин-тахида росулъа Лачин Лачиновас ва Уздалросулъа МухIамадкамил Гьиматовас.

ТIехь рагьулаго дир бер речIчIана байбихьудаго лъурал магIарулаcе рахьдал мацIалъул къиматалъул бицунел Расул ХIамзатовасул кочIодаса мухъал. Гьездалъун бихьулеб буго Ражабилги адабияталъул нух гIагараб халкъалдаги, гьелъул мацIалдаги щулаго бухьараб букIин. Жиндирго гIумруялъул баянал цIалдолезухъе кьолаго, Ражабица ва тIехь гIуцIулез гьоркьор рачун руго гьеб заманалда ккарал тарихиял хисабасиялги. ЦеберагIи гIуцIун буго «Росдал гIадатал», «Умумуздасан хутIарал хъвавул алатал», «Аллагьасул рукъ – росдал мажгит», «Инсул хIакъалъулъ», «ХIухь бахъулел бакIал», «Транспорт», «Колхоз», «Фестивалазул хIакъалъулъ», «Мухбир, поэт, тарбиячи» абулел харбихъго хъварал баяназдаса. Гьездалъун бихьулеб буго пачалихъалъул хиса-басиязулъ, магIарул тарих лъазабулаго авторас лъураб бутIаялъул.

ТIехьалъул байбихьуда ругел «ЧIар», «Закатала», «Нижер рохел – Закатала» ва цойгидалги кучIдузулъ Ражабица бихьизабулеб буго вижараб ракьалде бугеб рокьи ва гIолеб гIел ахIулеб буго гIагараб халкъалъул гIадат-гIамал, рукIа-рахъин цIуниялде. ТIехьалъулъ хасаб бакI ккола авторас батIи-батIиял гIадамазде кагъат хIисабалда хъварал кочIол мухъазги.

ШагIирлъун рикIкIине бегьула халкъалъул унтиги бухIиги рехсолеб кIигониги мухъ хъварав шагIир.

Чорхолъ, гьаналъ жубараб,
БацIцIадаб дир хазина,
Гьарзаго кьуна мун дий
Эбелалъ рахьгин цадахъ.

- абун хъварал Ражабил кочIол мухъал гIела цо-цо магIарулаз «магIарул мацIилан щай абулареб рахьдал мацIилан абичIого»-ян кьолеб суалалъе абадияб жаваблъун рукIине. РакIалде ккола цIалдолез Ражабил кучIдул ракI-ракIалъго къабул гьарилилан, щай гурелъул гьеб буго хIакъикъаталдаги ЦIоралъул адабияталдаса баккараб гвангъараб бакъ.

ИсмагIил Таймасханов

Ушел из жизни благородный сын аварского народа Гаджи Гамзатович Гамзатов

6 октября, на 86-ом году жизни скоропостижно скончался известный дагестанский ученый, литературовед, научный руководитель Института языка, литературы и искусства им. Г. Цадасы Дагестанского научного Центра РАН, советник и академик Российской Академии наук Гаджи Гамзатович Гамзатов.

Академик Гамзатов Гаджи Гамзатович, родом из села Цада Хунзахского района Дагестанской АССР, был выдающимся ученым в области филологии, культурологии и искусствознания.

Его научная деятельность охватывает проблемы истории и теории национальных литератур, фольклора, искусства, современной этнокультурной и духовной жизни народов Дагестана, Северного Кавказа, России. С именем Гаджи Гамзатовича Гамзатова связано углубление междисциплинарного подхода к сложным явлениям истории и культуры народов России.

Значителен его вклад и в развитие международного сотрудничества.

Он был автором более 450 научных публикаций, посвященных изучению уникального духовного и культурного наследия нашей многонациональной республики. До конца жизни он бережно хранил традиции своего народа, своей знаменитой на весь мир семьи – отца и брата – Гамзата Цадасы и Расула Гамзатова.

ДРОО «Вацлъи» выражает глубокое соболезнование родным и близким в связи с невосполнимой утратой.

Светлая память о Гаджи Гамзатовиче Гамзатове навсегда останется в наших сердцах.

хитIаб

Тоге, магIарулал, миллат билизе!

АсаламугIалайкум, хIурматиял магIарулал!

Нилъер гьабан цIар лъезе лъалареб, унго-унголъунги захIматаб, халкъалда гьоркьоб, рикIкIен гIемераб, кинан щварабали хIисаб гьабулареб боцIул гурони къимат гьечIеб заманалда халкъалъул хIакъикъияб бечелъи – рухIияб рахъги захIматаб бакIалде ккун буго. Сверухъ бугеб, бералда бихьулелде кIвар кьун, гьелдасан аслияб тарбия щолеб гIолеб гIелалдаги гIицIго боцIи буго унго-унгояб хазиянайилан кколеб. Амма нилъер бечелъи – гьеб буго гIакъилал умумуца нилъей нахъе тараб рухIияб ирс.

Умумузул гIумрудул нух, гIадат-гIамал, тарих ва маданият унго-унгояб цIубараб ва камилаб куцалда гIицIго рахьдал мацIалъул кумекалдалъун гурого гIолеб гIелалъухъе швезе рес гьечIо. Жакъа къоялда, хIукуматалъ ва жамгIияталъ лъималазда рахьдал мацI манлъиялъе гьарулел тадбирал цIакъго загIипал руго. Гьеб бигьаяб гуреб суал аслияб куцалда тIаде бегараллъун руго рахьдал мацIалъул мугIалимзаби. Пачалихъалъ загIипаб гурони харжги кьоларел, гьезул захIматалъул къимат киназдаго тIубан бичIчIунгутIиялъ мукъсанаб гурони баркалаги щоларел мугIалимзабазе гьай-гьай захIмат буго хIалтIи цебе бачине.

Ноябрь моцIалъул 5 къоялъ сагIат кIигоялда (05.II.20II, I4.00) Дагъистаналъул жамгIияб гIуцIи «Вацлъиялъ» МахIачхъалаялда Дагъистаналъул ГIелмияб Академиялда тIобитIизе буго «МугIалимасул захIмат – халкъалъул букIинесеб» абураб жамгIиябгун гIелмияб данделъи. Гьелъул мурад буго пачалихъалъул нухмалъулездасан рахьдал мацIазул дарсазе кьолел сагIтал цIикIкIинари ва гьел рачунел мугIалимзабазе хIалтIулъ бигьалъаби тIалаб гьаби, гьединго жалго мугIалимабазул хIалтIул хIалбихьиял цоцазулгун дандрай, басмаялде рахъун, гьел киназего гIаммаллъун гьари. Дарсал рачиналъул цIиял къагIидабаздасан, гIелмиялгун-техникиял бергьенлъабаздасан пайда босун хIалтIиялде кIвар кьей ва жалго мугIалимзабазул пикрабазухъ гIенекки, щай гурелъул «векьарухъанасда хур лъала, лъетIахъанасда гIор лъала»-ян абулеб кициялда рекъон, рахьдал мацIалъул хIакъикъияб ахIвал-хIал ва унти гьезда гIадин лъидаго бичIчIуларелъул.

Мурад буго нилъер магIарул халкъалъул букIинеселъул ургъел бугез данделъи кIвар гьечIого теларилан.

Хириял магIарулал! ХIакълъунго, цо Къоялъ киналъулго Ахир бачIуна – гьеб Аллагьасул хIукму буго, амма гьелде щвелалде магIарул миллат тIагIани гьеб нилъер кIваргьечIолъи буго.

Тоге, магIарулал, миллат билизе!

МухIамад ГIабдулхIалимов

ТIелекь гьоркьохъеб школалъе – 110 сон

1877 соналъ Къокъаб шаригIаталдаса хадуб ТIелекь росу цIи гьабизе байбихьана. Сибиралдаса тIад руссун рачIарал росулъе руссиндал.
Гьаб къойидаса-къойиб кIодолъана. Телкьадерил цIалуде бугеб рокьи бихьарав МахIач Дахадаевасул вац Давуд Дахадаевасул бажариялдалъун, росулъ школа база печалихъал биччана 3547 гъкрушги 70 копек.
Гьеб заманалда гьеб букIана къимат бугеб гIарац.
1901 соналъул 12 декабрялда ТIелекь школа рагьана. Школалъул тIоцеесей директорлъун йикIана Дагъистаналъул бухьеналъул начальник Георгий Васильевичасул яс Лидия Георгиевна.
Гьалдаса нахъе хIалтIулел тIоцересел мугIалимал рукIана – Унсоколоса ГIадилгерей Дахадаев, КIаратIаса ИсмагIил ГъалбацIов, ЧIикIаса Хайруллагь ХIажиев, ТIелекьа Мирза Мирзоев ва МухIамад Ахмаддибиров.
Исана 100 сон тIубуна Гуъуниб районалъул ЧIохъ гьаркьохъеб школалъги Шамил районалъул Лъануб гьоркьохъеб школалъги.
100 сон тIубана тIоцебисеб магIарухъ бараб Чохъ гьеркьохъеб школаялъ. Байбихьул классазул лъай кьолеб школалъун букIана гьеб I9II соналдаса I932 соналде щвезегIан. Цинги гьелъул гьабуна НСШ (семилетка I932 - I938 соназ), I938 соналдаса нахъ гьеб буго гIадатияб гьоркьохъеб школа.
Дагъистаналда тIоцебиссел школаби рагьиялъул организаторлъун вукIана къоабилеб гIасруялъул байбихьуда цIар арав просветитель – Мусаев ГIабдуркъаир.
Гьес рагьана Дагъистаналда тIоцебисеб лъабго школа - Гъуниб, ЧIокъ, Лъануб. Гъуниб щкола рагьана 1924 соналъ. Лъанубги ЧIохъги 1911 соналъ.
Исана ЧIохъ росулъ букIана байрам, школаялъ 100 сон баялде хурхараб.
Дагъистаналъул жамгIияб гIуцIцIи «Вацлъиялъ» хIалтIулъ бергьенлъаби, гьабулелъулъ икъбал ва киназего чорхое сахълъи гьарулаго, баркула киназдаго. Хасго мугIалимабазда, ракI- ракIалъ гьеб гIадатияб гуреб байрам. Тавпикъ кьеги нужее жеги чанго соналъ нус-нус соналъ школалдаса магIарул гIадат-гIамалгун, мацI-яхIгун лъай бугел гIолилал къватIир риччазе.

Мадина ХIажимаева

мацI

Авар мацIалъул метересеб къо

Дагъистаналда рахьдал мацIазул к1вар чучулеб буго. Республикаялда кIиго букIараб дагъистаниялъул филологиялъул факультетазул цояб къана, филологиялъул факультеталъул отделениелъун лъугьана гьеб Дагъистанияб пачалихъияб университеталда.

Гереева Жамиля цIалулей йиго ункъабилеб курсалъул бакалавриаталда Дагъистанияб пачалъихъияб педагогикияб университеталъул.

Жамиля школалдаго лъикIай ц1алдохъанлъун йикIана, чанго нухалъ районалъул олимпиадабазда бергьенлъи босана гьел, рахьдал мацIалъул гуронигги, цогидал предметаздасанги лъикIаб лъай букIана гьелъул.

- Жамиля, щай дуца тIасбищараб гьаб факультет? Дида лъала, рур рес букIараблъи цогидаб направлениялда цIализе.

- Рес букIана, амма ракIалъ къабул гьабичIо. Школалда цIалдолей мехалъ, дир рахьдал мацIалъул мугIалим Пириясханум ХIамзаевнаялъ гъуна дир рекIелъ нилъер мацIалде рокьи, гьелъ хIадурана дун чанго олимпиадаялде, гьелъ кьуна дий лъикIаб лъай. Дир эбелги мугIалимлъун хIалтIулей йиго, школа дица лъугIараб мехалъ, дирги эбелъугли ккана хабарщиб университеталда лъугьун лъикI, ва щиб факультет т1аса бищилеб. Ниж кIиялго рекъон, дица документал кьуна ДГПУялда, гьелда жакъа къоялъги расги гурхIун гьечIо – нижер университеталда кутакалда гъваридаб лъай кьлеб буго, хIадурулел руго лъикIал специалистал школабазда хIалтIизе.

- Мун ц1алулей йиго бакалавриаталда, бич1ч1изабе, гьеб щибжо ва сундухъ балагьун гьенир студентал рачунел.

- ТIоцебисеб курс лъугIун хадуб, киналго отличникал росана бакалавриаталде, гьанир рачуна лъай цIикIкIарал студентал, бакалавриат лъугIун хадуб, ниж лъугьуна магистратураялда, магистратура лъугIарал студентал рачине ккола аспирантураялде.

- Нужер хутIарал студентаздаса батIалъи щиб кколеб?

- Бакалавриатги магистратураги лъугIун хадуб, нижей кьола тIоцебесеб категория, гьеб ккола анцIила лъабабилеб квалификацияб разряд, цогидал университет лъугIаразе кьола ичIабилеб разряд. Бакалавриаталда цIалула ункъо соналъ, гьеб лъIугIун хадуб кьола цо диплом, цинги магистратураялда цIалула кIиго соналъ, гьтеб лъугIун хадуб нижей кьола кIиабилеб диплом. Магистратура лъугIун хадуб, нижер рес буго колледжал ва училищабазда дарсал кьезе.

- Дида лъала нужер студентал росабалъ практикаялда ритIуларелъи. Гьелъие гIилла щиб?

- Гьелъие гIиллалъун ккола, нижер университеталда практикаялда цадахъ цо специалист ва цо методист гьечIогун ритIуларелъи. Гьединлъидал, росабалъ ритIизе рес кколаро. Нижеца практика шагьаралъул школабазда бачуна. Гьенир цадахъ ругел специалистаца кьола нижер хIалтIиялъе къимат.

- Геьединан мухIканго гьеб хIалтIи гIуцIцIиялдасан бичIчIулеб буго, университеталъ жиндийго ц1иял специалистал хIадурулел ругеллъи.

- Гьеб битIараб буго. Магистратураялда цIалулел цIакъго лъай бугел студентаца рачуна дарсал жакъаги университеталда.

- Нужей кумекалъе методикияб литература букIунебищ хIалтIизабизе?

- БукIуна, гьеб рахъалъги къварилъи гьечIо, амма росулъ арай мехалъ дун йикIана школаялде щун, гьениб гьеб суал цIакъ захIматго батана, мугIалимасе кумекалъе къанагIалги тIахьал щолел гьечIо.

- Гьанже нилъер хабар бищун унтараб бакIалде щвана. Университет лъугIарал специалистал школабазде хIалтIизе унгутIиялъул гIиллалъун щиб дуда бихьулеб, ва чан чи лъугьунев санаил гьаб факультеталда цIализе?

- Дун цIализе лъугьараб соналъ, кIикъогогIан чи вукIана авар мацIалъул группаялде цIализе лъугьун, амма хадусел сонабаз гьезул къокъа дагьлъана, исана нижер группаялде лъугьун вуго анцIила лъабго студент, гьезул кIигоял руго американиял, авар мацI лъазабизе рачIарал.

Гьанже бицина щай гIолохъанал специалистал школабазде хIалтIизе унарелали. Киназдаго лъала, школабазда рахIьдал мацI лъазебеялъе анкьалда жаниб цо сагIат мацIалъе, цо сагIат адабияталъе биччан бугеблъи. Гьеб суал борхичIого ва гьелъие нухал ратичIого, гIолохъанал специалъистал школабазде руссине гьечIо. ГьечIо гьениб гьезие хIалтIи. Гьединлъидал гьез балагьулеб буго батIияб х1алтIи, дарсал кьезе бокьуларегун гуро, гьицIго рахьдал мацI бокьиялъ чи гIорцIулев гьечIо, гьезги гIумру гьабизе кколеблъидал.

Амма дир анищ буго, гьел суалазе нух батилин ва мугIалимасул зах1Iматалъе кколеб къиматкьелин хIукуматалъги гIадамазги.

Зайнаб ГIалимирзаева

Джамахириялъул ахир

ЗахIматаб, гIадлу биххараб заман рештIана гIараб пачалихъазда. Шималияб Африкалде щвана хиса-басиязул къуватаб гьури. ГIемераз абулеб рагIана ва гьеб абуралда божулелги рихьула – БакътIерхьул пачалихъаз, Америкалъ борханила гьеб гьури. Жакъаги нилъерго цIияб заманалъул тарихалъул пикру гьабидал, гьебго БакътIерхьул пачалихъаздагун Америкалда гIайиб чIвай тIадаблъун бихьула цо-цо нилъераздаги. Борхилаандай хиса-басиялъул гьури, борхиялъе гIилла я Ливиялда, я Египеталда, я доб заманалда Совет Союзалда букIинчIебани! Миллат инжит гьаби, халкъалъул къадру гIодобегIан гьаби ккола Гуржиялда, Украиналда ва цогидал пачалихъазда халкъ багъа-бачарун ккарал хиса-басиял цогидал пачалихъазда хурхинари ва гьезде тIами. ГIараб пачалихъалда гьеб гьури борхизе дида лъалеб чамги хIужа ва гIилла буго.

ТIоцебесеб: Жеги 30-ялдаса цикIкIун сон цебе дида цадахъ Москваялда цIалулел рукIана гIемер гIарабал. Хасго Сириялдаса рукIана БААС партиялъул нухмалъулезул лъимал, гьеб партиялъул бугониги асар гьукъараб бугилан бицана гьудулас. Гьеб букIана I976-79 соназда. Гьелго соназда нилъер Дагъистаналда, ЦIумада районалда гIурул рагIалда ругел тIад рахун как базе бегьулелщинал гамчIил къанал гъуризе тIамулел рукIана таращмахIал алкашал. Гьеб кампаниялъе нухмалъулелги рукIана Америкалъулгун ИзрагIилалъул гурел, цIумадисел коммунистазул бутIрул. (Гьаб бакIалда абичIого рес гьечIо, доб заманалъ гьел ганчIазде рагъ барав райкомалъул бетIер Дингаев Расул, партиялъул хъулухъалдаса ун хаду Шаваялда гIачивехьлъун хIалтIана, ахиралда гьебго лъарагIлъиялда мажгиталда будунлъун вукIанилан рагIана). Рихьулиш Асадидилги, нилъер коммунистазулги релъарал гIаламатал? Гьел гIаламаталин жакъаги нилъер коммунистазул хутIелалгун Башар Асадил гьудуллъи цIунизе гIиллалъун кколел. ТIолго дунялалде ахIтIон гьарулеб буго Сириялъул Асадида дандечIараз: «Гьабе кумек, тоге гьаб вахIшияб режималда гъоркь ниж!» абун. Нилъеразе «стабильность» къваригIун буго Сириялда. Нилъер пачалихъалъул кIудиял гьудулзабазул сияхIалда хасаб бакIалда рукIана Саддам ХIусенгун Муаммар Каддафи, Мубаракгун СалихI ва гьелгурел цогидалги «миллияб багъабачариялъул» бахIарзал. ТIолго гьел совет союзалъул гьудулзаби гIумругун яшав дунялалдаго гьезул ватIаналда бугелдаса гIемер лъикI букIин, инсанасул ихтияралгун ресал ватIаналда ругелдаса гIемер тIадегIан рукIин.

Лъабабилеб гIилла: РакIалде щола, 1991-92 соназда ГIиракъалде Саддамихъе ана Россиялъул вакил, жинда гIарабазул гIадатги, тарихги, маданиятги лъикI лъалев, живго ХIусенги цевего лъалев Евгений Примаков. Гьес гьарана ХIусенида: «РитIухъал, рагьарал рищиялги лъазарун, те дуца бетIерлъи, ричанте халкъалъ килиш битIарал цIиял гIадамал бетIирлъиялдеги, пачалихъалъе нухмалъиялдеги, гьеб мехалда лъилниги дуда гIайиб букIинаро ва ГIиракъалъул ракьалда рекъел хутIила. ТIамуге дурго халкъ бидулаб дандечIеялде!»- абун. Къабул гьабичIо ХIусеница. «Дица Америка бидулъ гъанкъизабила!» - абун, гьодорал хIинкъаби кьуна. ХIасил: ХIусен, катил тIинчIгIадин, царал картIинисаги вахъун, къабихI гьавун кварида вана, лъугIи гьечIеб цIадулъе тIолго ГIиракъалъул халкъ цIана. Гьебго гьари ахирал моцIаз загьир гьабуна Каддафида. КъватIи рахъарал аза-азар жиндирго ракьцоязда тарщалин, гьабийин кIалъана, кинабгIаги маслигIаталде ине пикру гьабичIо, биххулеб, бухIулеб, гъурулеб Ливиялъцин гьесие асар гьабичIо. Гьединабго тIалаб буго жакъа Сириялъул дандечIаразул кар гьабуна, тIолго халкъ гъурунги къираллъи кьеларо абун чIун руго. Жакъа Йеменалда нусазарго чи къватIив вахъана СалихIие нагIана кьолаго, гьесие тамихI тIалаб гьабун. СалихIие гьелги тарщал, гьаби ратила, Каддафиего гIадин. Къойидаса къойиде хIалуцунеб буго Сириялда ахIвал-хIал, цIикIкIунеб буго гьенибги «тарщазул» къадар. Президентасул, къираласул гIолохъанал хIаракатчагIи. Гьелгун цадахъ дагьалго рукIана БААСалда жодор хурхен гьечIел, цохIо жодор бажариялдалъун, лъаялдалъун цIализе Москваялде нух бахъаралги. ТIоцебесеб тайпаялъул рукIана чIухIарал, гIамал кIудиял, бечедал, гьебго заманалда цIалиялъул кIудияб агъаз гьечIел. Гьезие стипендияги цIикIкIараб букIана, гьездехун бербалагьиги хасаб букIана. КIиабилеб тайпаялъулин абуни, гIодор риччарал, диниял, кутакалда цIалуе кIвар кьолел, гIаданлъи цIикIкIарал. Гьез шурун бицунаан дида жодор пачалихъалда бугеб гIассияб, тIолгоязда хадуб бугеб халкквей, БААСалъулаз мерхьулеб пачалихъалъул. Доб заманалда советияв чиясда рагIараб жо букIинчIо Сириялда Асадил рагъул самолетаз Хама шагьар рахъуялде сверизабураб. ГIилла: Исламияб жамагIаталъ Хама шагьаралда Асадида дандечIей байбихьун, гьеб жамагIаталъул сиясиял тIалабал раккизе байбихьун. «Хама шагьар Асадица географиялдаса историялде битIанилан аби буго нижер Сириялда»- бицулаан дида гьеб пашманаб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ дир гьудул ХIасаница. Цоги сириялъул чи аскIов вугони - кинабгIаги калам Сириялъул хIакъалъулъ тIагIулаан. Расул ХIамзатовасул кочIол рагIабазулъ «Аллагьгун эбелилан» рагIидал, ХIасаница дида гьикъана: «Нужор гьаниб гьадинал, Аллагь рехсарал кучIдул ахIизе бегьулиш?». Сириялда гIенеккизецин бегьуларин, исламалда хурхараб я кечI, я кинаб хутIана гIараб пачалихъазе нухмалъулеллъун 30-40 соналдасаги цIикIкIун.

КIиабилеб: Социалистияб джамахирия гIуцIулевин абун, цохIо жив битIараб нухда, хутIаралщинал гьетIараб нухда рукIиналда 40 соналъ ракIчIун чIухIдарана Каддафи. Гьеб 40 соналъ Къуръаналда бащад гьабун букIана Каддафил «ГIурччинаб тIехь». Имсул тахида вахана Башар Асад, аза-азар мисриял къватIир рахъун нахъе аян гьараниги, инарилан чамго моцIалъ тIирун чIана 30 ялдаса цIикIкIарал соназ бетIерлъи гьабурав Мубарак. Нахъе ин халат бахъанагIан халкъалъул ццимги цикIкIана, гIадлунизамги биххана. Гьебго нухдасан унел руго СалихIгун Асад. Гьезул дандечIей халат бахъанагIан биги цIикIкIине буго гьел пачалихъазда, гьел нахъе ун хаду, гIадлунизамалде руссинги халат бихьине буго. Ахираб 20 соналда жани гьел гIараб пачалихъазул гIемер гIолохъаби ине ккана БакътIехьул Европалде, Америкалде, Россиялде. Аза-азар Ливиялъул, Тунисалъул, Сириялъул, Египеталъул гIарабазе Германиялда, Франциялда, Италиялда, Россиялда, Америкалда щвана тIадегIанаб лъай, гьениб гьезда бихьана батIияб гIумру, бичIчIана заманалда рекъараб ва инсанасе мустахIикъаб гIумру-яшав гьабизе кинаб бугониги джамахирия хIажалъулареблъи, кинал ругониги мубаракал я каддафиял къваригIунареблъи ва гьел бутIрул гьечIогоги, гьезул «гIакъилаб» нухмалъи щвечIониги Асадидаги, Йеменалда СалихIидаги. Каддафи къуркьичIо, амма янгъизчороклъи чвахунел марщабазда вахчизе ккарав, гьенисан цIан вахъун къабихI гьавун, вахIшияб хIалалда чIвана. АбичIого чара гьечIеблъун рикIкIуна: кинаб мунагь-гIайиб Каддафида букIун батаниги, бегьуларо инсан додин къабихI гьавизе, хасго асирлъуде вачIарав я восарав. «Дир би хIарам буго нужое, кьвагьуге! Нуж кколаро лъикIаб-квешаб борцунел цIадираби, гьабуге хIарамаб иш!» - абун ахIтIолесда щвана досие ахир лъураб гула. Жаназа къабихI гьабиялъ бергьенлъи босараб къукъа берцин гьабуларо, гIорхъолъа борчIараб рагъдаги гурхIел=рахIму къваригIуна. Асир гьавурав, лъукъарав Каддафи вихьидал ракIалде щвана доб кьогIаб I999 соналъ асир гьавурав, вухун хъахIиллъарав, кверазда рахсал рарав, ракьалда вегарав ва чIагояв дагъистаниясда чамго нухалъ тункIил хъундагъ кьабулев дагъистаналъул политик. Гьебги, тIолгоязда жиндирго «бахIарчилъи» бихьизе, телекамерабазда цебе!

Тунисалъул, Египеталъул бутIрузул гIакълу гIуна, захIматгониги, нахъе ине. Тунисалда рищиял тIоритIана, жеги киданиги букIинчIеб хIаракатчилъи бихьизабуна тунисалъулаз рищиязда. (Баркала кьезе ккола Бен ГIалие, халат бахъичIого, жиндир заманалъ пачалихъ тунтIурарав). Гьаригьункун ракълил гIумруялде бачIина пачалихъ. Амма Сириялъулгун Йеменалъулаз бетIерлъудаса ине инрахъ ккун къватIи рахъиялъул, гьел демонстрацияби гIуцIиялъул къагIидаби, кин аза-азар чиновникал, хIукуматалъе мутIигIал чагIи ракIарулел, нилъеда малъичIого лъала ва Румыниялъул (1989 с), Ливиялъул мисалазда бихьана.

АнцI-анцI соназ хисичIого, жиндие бокьараб хIалалъ ва жиндие бокьаралъуб халкъги бачун нухмалъизе бегьула жакъаги. Амма гьелъие чара гьечIеблъун ккола тIолго халкъ гьересиял маргьабаз кваназаби, Интернет тIубанго къай, телевидение, газетал цокIалаб пикруялда чIезари, радиоприёмникалдасанцин къватIисан калам жанив вугесда рагIизе гьукъи, гьеб гIиллаялъ, Кореялдаго гIадин, гьел приемникал тIолгоязухъан, ярагъго гIадин, рахъи. Гьеб политикалъул хIасиллъун лъугьине ккола 2-3-5 соналдаса тIолго халкъ, Шималияб КореялдагогIадин, президент я хан живго Аллагьас жодое кьурав вукIиналда божи, цокьераб халкъ, цо мухъ гьабун президентасда сверхъ гъунки. (МухIу нилъее Аллагьасго кьурав вугилан муфтияс хьул лъун букIана даимаб гъункиялде Дагъистан ахIизе. ГъункичIолъи муфтиясул гIайиб гуро). Гьеб къагIидаялде рачIани, кинабгIаги гьуриялъ квал-квал гьабуларо президентазегун ханзабазе. Гьединаб пачалихъалъул бищун тIадегIанаб къиматги ккола «стабильность». Гьеб рагIиги ккола нилъер нухмалъулезе гьаб ахираб 10 соналъ бищун хирияб ва къиматаб рагIи. БукIинесеб Аллагьасда лъала.

ГIабдурашид СагIидов

ГУНИ

Гьайбатал мугIрузул байбихьуда бугеб Дагъистанлъул гьайбатаб бокIон Гуни росу гьоркьоб уна берцинлъиялъул ва баракаталъул рахъалдасан Кавказалда машгьураб Казбек районалда гьоркьоб.

Тарихалъул рахъалъ босани, гьелъул тIоцересел биценал дандчIвала XIII гIасруялъул баяназда гъорлъ. Биценалда рекъон, гьеб гIуцIизе кьучI лъун буго Газурилав абулев чияс. Росдал цIар бачIиналъул хIакъалъулъ буго кIиго баян: турказул мацIалъул бичIчIизаби хIисабалде босани, гьеб буго «бакъулаб» абулеб рагIи – Гуни росу хIакъикъаталдаги бакъулаб буго; магIарул мацIалда босани, гьеб релълъуна «кIуни», ай берцинаб абураб магIнаялъул рагIиялда, гьебги мекъи кколаро, щай гурелъул Гуни унгоунголъунги берцинаб бакI буго.

Росулъ буго кинабниги 950 цIараки. Гьелъ жанир рачуна кинавниги 2800 инсан. Аслияб магIишатги гьезул гIибоцIухъанлъи ва хурухъанлъи буго. ГIемерисел рекьулел хурзабахъ гIезабула картошка. Росулъ руго гIолеб гIелалъе лъайкьеялъулаб гимназия, лъималазул ах, культурияб рукъ (клуб), больница, библиотека ва почта. Гьай-гьай буго мажгитги, гьеги цоцин гуреб, лъабгониги. Дагьаб цебегIан росулъ рагьана росдал ва къватIисан рачIарал лъималазда гIараб гIелму ва исламалъул ахIкамал малъулеб мадрасаги.

Тарихъалъул гунисез хIинкъи бихьизе биччачIо. КIудияб ВатIанияб рагъда гьенисан гIахьаллъхана 161 гIолохъанчи, гьездасан 76 кьалул майданалда хутIана ва гьезул хIурматалда школалда рагьун буго памятник. Гьездасан цо-цоял мустахIикълъана пачалихъиял шапакъатазе: БагIараб байрахъ ва ТIадегIанлъиялъул орденазе мустахIикълъана ГьитIинов Иразхан, Абусинов МухIамад, Валиев Гъойтимер. Базаев КъурангIали мустахIикълъана ТIадегIан-лъиялъул III-леб даражаялъул орденалъе ва БагаIараб ЦIва орденалъе ва гIахьаллъи гьабуна 1945 соналъ Москваялда Бергьенлъиялъул хIурматалда тIобитIулеб парадалда. Ункъгоязъ гIахьаллъи гьабуна Афганазул рагъда, гьездаса цояв – ГIабасов Юсуп Гьиматович, гьалмагъзаби хвасар гьарулаго, къадаралде щвана ва гьев мустахIикълъана БагIараб ЦIва орденалъе. 1999 соналъги гунисез бахIарчилъи бихьизхабуна Чачаназул рахъалдасан рачIарал гъарачагIазда дандечIей гьабулаго. Гуниялдаса ккола Россия чIухIарав СОБРалъул начальник, Россиялъул БахIарчи Ильясов Арзулум.

Гуниялъул цIар чIухIадго рехсезе бегьула захIмат бокьулезул ва гьелъул церехъабазул бицунагоги. Росулъа рахъана батIи-батIиял гIелмабазул цо чанго гIалимчи. Гьездасан рехсезе ккола ядернияб физикаялъул махщелчи, техникиял гIелмабазул доктор Абакар Абакарович ГIабдуллаев; жиндир цIар ЧIикIаб ГЭСалъе кьурав, СССРалъуо Министертвабазул Советалъул премиялъе мустахIикълъарав дунялалда бищунго учузаб энергосистема ургъарав профессор ВахIид ХанмухIамадович Муслимов; Россиялъул Академиялъул педагогикиял гIелмаьазул Академик Вагьаб Минбулатович Минбулатов. Гьединазул сияхIги гIемерго мукъсанаб гьечIо гунисезул тарихалда.

Гуниялда жеги цIунун буго Дагъистаналъул ва Чачаназул имам Шамил жанив рещтIараб мажгит. Дагъистаналдаса Чачаналъе унаго ва тIад вуссун вачIунанго гьес чанго нухалъ гьениб рещтIен гьабуна.

Руго гьелъул тарихалда пашщманал лахIзаталги. Масала, XX гIасруялъул байбихьуда цо-цоял кулдак гьарулелъул ва репрессиялъул хъачIаб гьури пулаго, тамихIалде ккана 46 гунисев. Гьезул гIемерисел хадурккун ритIухъ гьаруна.

Гьобол-гьудул хириял гIадамаз гIумру гьабулеб Гуни росдал берцинлъиги, тарихалъул бечелъиги рагIабаздалъун бицине захIмалъула, гьединлъидал гунисел кидаго рохарал руго нуж гьоболлъухъ къабул гьаризе.

Ильяс Тимиркаев

Кто вы – антипатриоты?

«...ведь кроме желания выжить есть еще мужество жить!»
Р. Рождественский, «Реквием»

Сегодня дагестанское «общество» пестрит своей разношерстностью. Явление не из ряда вон выходящее, но, тем не менее, есть над чем задуматься. Интернет открыл свои бесконечные просторы всем, кто желает, умеет и не умеет выражать свои мысли и облачать их в правильные слова. Чаты, сайты, блоги, ЖЖ, твиттер – люди, активнейшим образом, перешли из мира реального в мир виртуальный и начали выражать свою точку зрения. Это имеет как положительные, так и отрицательные стороны...

Сегодня мы, дагестанцы, находимся в состоянии информационной войны. И, как бы прискорбно это ни звучало, в последнее время, мы бьем по своим позициям. В условиях войны, это воспринималось бы, как предательство, измена Родине.... Однако некоторые дагестанцы пишут о том, что им стыдно называться дагестанцами, и считают это справедливым.

Самая популярная ныне тенденция – огульное и обобщенное охаивание Дагестана и дагестанцев самими жителями республики, которые открыто об этом заявляют. Причем с наивными претензиями на уникальность и правоту, с надеждой на понимание.

Все любят писать о том, как же тут все плохо и все прогнило – от простых людей до чиновников коррупционеров, религиозный деятелей и простых мусульман, при этом, нарочито подчеркивают, что они к нам, серой массе, не имеют никакого отношения. Якобы, они совсем иные, не такие, как мы.

Нельзя любить Дагестан и не любить дагестанцев. Нельзя гордиться славными предками и стесняться, что ты дагестанец. Нельзя верить во Всевышнего и воспринимать только то, что угодно и удобно тебе.

Да, они другие - антидагестанцы, антимусульмане, антипатриоты.

Это они, уезжая из родного села, навсегда забывают туда дорогу и ездят исключительно на свадьбы и похороны, и то, под прессом родителей. Это они, приезжая в Махачкалу, совершенно забывают свой родной язык и усиленно пытаются стать «горожанами».

Это они, покидая Дагестан, живя в мегаполисах, потом никогда не хотят сюда возвращаться. Это они меняют свои имена, и даже отчество (!) на русские, чтобы стать там «своими» и получить престижную работу. Видимо, имя отца не столь важно для антипатриота, настолько неважно, что они согласны называться иначе не только сами, но и выбирают «хорошее» имя для отца. Это они просят освободить их детей от уроков родного языка и никогда на нем не говорят, считая, что за пределами села язык не нужен. Это их «перлы» становятся знаменем для русских националистов, читая и перечитывая которые, можно подумать, будто мы утопаем в слезах и крови, живем в 18 веке, вокруг одно быдло, и совсем нет нормальных людей. Причем себя антипатриоты к таковым не относят. Однако, сегодня на смену «быдлу обыкновенному», которое имеет место быть в нашем обществе, появилось «быдло интеллектуальное». Интеллектуальное быдло не носит красные спортивные костюмы и не ведет себя безобразно на улицах города, но оно перешло в другую плоскость. «Интеллектуалы» носят совершенно «европейскую» одежду, говорят на «английском» (неважно, ЧТО именно, главное – вовремя ввернуть пару слов), доказывают, что они не мы – все остальные, они, может быть, и грамотные люди, но назвать их умными у меня не повернется язык. Бедные, бедные антипатриоты...разве догадываетесь вы, что, как бы вы не старались поливать Дагестан грязью, вы, к сожалению, все равно останетесь его олицетворением в глазах остального мира. Я часто встречала вас на улицах Москвы и Петербурга, где вы, сливаясь с общей массой, ходили и олицетворяли собой «нормальных дагестанцев», коими вы себя считаете. Но разве не знаете вы, что благодаря вашим же стараниям, мы остаемся в глазах остальных россиян темным, необразованным людом?

И бороться с этим надо не поливая всех и вся грязью, а собственными делами, доказывая, что они ошибаются.

Нельзя любить Дагестан и не любить дагестанцев. Нельзя гордиться славными предками и стесняться, что ты дагестанец. Нельзя верить во Всевышнего и воспринимать только то, что угодно и удобно тебе. Нельзя по одному-двум людям, которые считаются религиозными, но совершают не совсем лицеприятные поступки, видеть в их лице всех религиозных людей и считать всех таковыми. Нельзя однажды столкнуться с коррупцией в институте и заявлять, что все преподаватели-взяточники. Нельзя якобы «злясь на безумный мир», забывать об этике и не следить за тем, что ты говоришь, а еще хуже – пишешь. Потому, что каждое написанное тобой слово используется против твоих же земляков.

Вы получаете тут образование и становитесь нормальными людьми, а потом бежите отсюда восвояси. Приезжая в какой-либо мегаполис, вы стараетесь доказать своему окружению, что вы не такие, как остальные, вы богоизбранные, никем не понятые и не признанные гении, которые не смогли пробиться и найти свое место в жизни здесь, на Родине. Это добавляет штрихи к нашему и так не очень светлому образу. А почему бы вам, не вернуться домой и не создавать здесь здоровое гражданское общество? Почему бы не развивать Дагестан? Почему бы не работать на его благо? Говорите, что тут мало платят... Да, не так много, как в других регионах, но и жизнь тут значительно дешевле. Я знаю, как вы там работаете, по 10-12 часов в сутки, и получаете за это не так уж и много денег, вычтите из этого расходы на дорогу, жилье и еду...теперь сравните! Да если бы вы с таким усердием тут работали, вы бы зарабатывали не меньше!

Говорите, что не хотите быть дагестанцами, а кем вы хотите стать? Кем? Хотите уехать в Европу? Для них вы станете очередными беженцами, которых они будут обеспечивать из жалости, но никогда, вы слышите - никогда, вы не станете для них своими! Почему вы так стремитесь отторгнуться от всего, что является частью вас? Я вас сейчас разочарую...

Где бы вы ни были, как бы далеко ни убежали от дома, вы навсегда останетесь частичкой этой земли и этого общества, не в зависимости от того, плохое оно или хорошее. И, когда вы покинете этот мир, ваши бренные останки привезут сюда, и похоронят в родном селе, как полагает хоронить всех мусульман. Над вами будут читать молитвы, которые вы так и удосужились выучить за свою «цивилизованную» жизнь, и посещать вас на кладбище придут все те, с кем вы стеснялись связать свое имя. Это неизбежно. Это факт.

Сколько же еще вы будете восклицать о том, что все так плохо? Когда и что вы намереваетесь сделать или уже сделали, чтобы изменить существующий порядок вещей, хотя бы на йоту? Когда вы начнете говорить о том, что наряду с теми, кто позорит имя дагестанца, есть еще те, кто несут это имя с гордостью? Когда вы начнете говорить о том, что хорошего есть здесь, на нашей малой РОДИНЕ? Когда же вы, наконец, полюбите Дагестан?

Зайнаб Алимирзаева

Аминат Макъсудова

***

Рокьиги кьаллъана кьалги чIалгIана
ЧегIераб къо чIана дир гIумроялда
Февральги бачIана соналги анна
ИнчIо дир рекIелъа кIудияб асар

Рокьул валентинка духъе битIизе
ГIураб къуват гьечIо гьанже дир чорхолъ
МугIрузул тIогьазде тIадейищ хъвалеб
Рокьул сариналде гьоркьое хъваян

Бице берзул канлъи мун киве вугев
Каранлъ рокьи гьечIищ лъидехун бугеб
МагIарулалъ бахъун гIурусалъ бахъун
Дур рекIел хIалалъул хIисаб хун бугищ

ХъахIилал зобазде йоржун инаан
Азалияб къалам кьолеб лъанани
ГIумро кIваричIоан гьебги кьелаан
Къадар хъвалей парчахI дун толей ани

Аллагьас нилъеде хIалал рихьизе
РитIулел ратила рекIел хIасратал
ХIал дагьав чучулев чи вукIунелъул
Чаранлъун мун чIедал чIанин дир ракI

Вас вохи

Дица къаси къалам кодой босана,
Керен ракIги рагьун рагIаби хъвазе.
Дунялго гвангъизе, дур ракI бохизе,
Дуе вас гьавунин хабар бачIиндал.

Бералги бецинав чанияб хъиргъу,
Кьерилай хъамила Чаниялдаса.
Кьунсрулги рикIарав мугIрул гIамирко,
ЛъарагIазул ясал рачIина хадур.

Эбелго гIадинав гIодой виччарав,
ГIамалги берцинав инсан вукIина.
Инсул ирс босарав рингал рокъунев,
Рокъовго чIоларев спортсмен вахъина.

Метер гIалахалде, гIурдаде ина,
Берцинал тIугьдузул квацIи гьабизе.
Дица майданалда,хаслихълъи щведал.
Дуе гIумро гьарун, цойги гъветI чIчIела.

ГЬУДУЛАСДЕ

Хъазар майданалда гIодойги йикIун
ГIемерал пикраби гьарула дица
Цебехун аралъул нахъе бугелъул
Хивалаз гъапуллъун паналъун йиго.

БухIараб риидал гIурччин хералде
Аллагь дуй бокьани гIазуги бала
ЦIорораб хасало хIикмат цIикIкIани
Гьал киналго гъутIби тIегьазарула.

Гьаб хъахIаб къоялъул дуе бокьани
Къаси сордо дуда гьабизе кIола
Гьаб дир гIумруялъул гьайбатал нухал
Дуе бокьанани гвангъизе руго.

Гьариларо дица вокьулев кьеян
КьечIони кIваричIо цойгидалъе те
Гьариларо дица хъизанги биххун
ЧIужуялъухъа рос вахъеян абун.

Гьариларо дица лъимал бесдал тун
Гьезул эмен диде вуссаян абун
Гьариларо дица гьесие квешлъи
Кинабго Аллагьас бачила нухда.

Нуж рокьун гьабураб рокьи букIинчIо
Вокьулев щвечIелъул гуккун рукIана
Беразе бокьараб балай букIинчо
Балагьун нуж чIчIедал бецIун букIана.

АхIуге, рачIунге дихъ балагьуге
Дир хивалго гьечIин гIолил васазде
Рагьуге дир нуцI рагIи гьаризе
Гьинал ракI бахъарав батIияв вугин.

Къоролай

ЦохIо ккураб гIумро гIурчма гъветI гуреб
Цойги батIаялда букIунаребин
Кидаго цо хIалалъ чиги толарин
ТалихI къарал гурел къороллъуларин.

Дун къоролайилан нуж гаргадуге
Къиматалда чIарай къоролайги лъикI
Къулизе росазул бутIрулги гьарун
КъватIазда сверулел гIолилаздаса.

Нуж бесдалалилан къварид гьаруге
Къо бухIарал гурел бесдаллъуларин
Гьаб кинабго хIукму Аллагьасулин
Аллагьги кIочон тун хьвадуге вацал.

Нуж кин кIалъаниги къоролзабаца
Жидерго къаркъала къамартIго ккола
Къадарал шиназул рагIиги хIехьон
ХIухь къотIун рукIине сабурги гIола.

Дида кIочонаро чIухIараб кьибил
Кьолбода тIанкI лъечIеб дирго гIагарлъи
ГIун вачIунев вугев дирго тIулил вац
ТIагъур борхун лъурав хирияв эмен.

Дуца Гьандихъ росу тIегьазабуна

Шамил районалъул гIолохъанчияс
МахIачкалаялда хъала бахъана,
МугIрузда сверараб къвекIаб цIум дуца
Кинабго гIатиракь кодой босана.

Нилъер гьал магIарул гIолохъабазда
ГIумрудул нух дуца бихьизабуна,
Бихьинчилъиялъулъ рукIунел шартIал
Киналго Аллагьас кьун руго дуе.

Мун МухIаммад вуго Кадиевазул
Сонаде вахинчIев гIумрудулъ вугев,
Мун цохIо чи вуго Дагъистаналда
«Железка» абулеб цIар жиндий щварав.

Дуца Гьандихъ росу тIегьазабуна
ТIолабго дуниял гвангъизабуна,
Кьибилалъе хIелун хIалихьалъичIо
ХIеренаб гурони рагIи бицинчIо.

КьабгIезе рахъарал дандиязда гъорлъ
СихIирлъи, хIилла-рекIкI хIалтIизабичIо
Дуца рингал рокъун рокъов щваравго
Рохел жеги тIатун загьир гьабичIо.

Дуе гIумро кьеги вохун хутIайги
ТIубайги дур рекIел кIудияб анищ,
РукIинел ратани гьел мун гIадинал
Наслаби рахъайги гIолохъабазул.

МикагIил МикагIилов

Инсул минаялъул хабар

Инсул мина буго магIарул росулъ
ЧIунтарал минабалъ, хъаравул гIадин.
Рииидалил къоялъ гьоболлъухъ щвейдал
Гьелъ дидехун буго кIалъай гьабулеб:

- АсаламгIалайкум, дир гIагарав вас,
Кин ругел дур хъизан, хIалтIигун шагьар?
Щиб, дихъ чIалгIунцинищ гьоболлъухъ щварав,
Яги шагьаралъул ахIи рихунищ?

Ничалъ пардав рехун, рагIаби кIочон
КIоларо къадазухъ валагьизецин –
ГIасрабаз кавудахъ бегараб гамачI,
Жал ричIунгутIиялъ барщарал кIулал.

- Дуда мацI кIочонищ гIенеккун чIарав
Яги дун кIоченалъ ничищ бергьараб?
ГьитIинаб галуца, инсул кверги ккун,
Дуцаго борцараб нухищ кIочараб?

ГIазуца тIагъур лъун, янгъиз букIараб
КIочараб щайдай дун дуда хасало?
Хинаб их бачIиндал чвахарал иххаз
Биххизе къачIараб бихьуларищ къед?

Гъоркьиса риидал цо чанго къоялъ
Дир гордалгин нуцIби релъанин абун
Мун гьудулзабазе веццарулелъул
Дун нечон букIана, боххун букIинчIо.

ТIасан берцинлъунан кин дун боххилеб
Тахтаялда натIил хIурги букIаго?
Беццарилеб кинан дир тIохалдагъоркь
Рокьи дие кьолев гIадан гьечIони?

Дуца дир къедаса бахъана Къуръан
Къо бухIун буго магI гьеб бан букIараб,
Гьанже къварилъабаз балин къвалилан
Къулун буго дунцин, гьелъул баркат ун.

Амма гьалдасацин дун боххун буго –
Балагь буго дие нагагь дун бичи.
Биччай, дарамалъул къотIи гьабуни,
Дир къадал сверизе ганчIил гъоноде.

Дуда лъай, МикагIил, гьаб свериялъе
РакI сасинабизе цохIо мунвукIин,
Дир нуцIа къирараб, дир къед хинлъараб
Къадруялда цIуне тухумалъул цIар.

Дир пикруялде мун къварилъахъдуге,
Къваридал кIулазда нахул квер бахъе.
Нахъе воре унге, дица кидаго
Мун къабул гьавулин, дир къиматав вас.

«АсаламгIалайкум,умумул»-илан
Абе дур кIудица абураб гIадин,
Ва кваранаб тIаме рагьтIехун гали
ТIагIине биччаге умумузул ирс!..

Дида гьел рагIабаз магIарухъ рии
ЦIакъго багIарараб бугилан ккана.
Бераз магIу ккуна, амма тIолго черх
Ничалъул гIетIуца цIалтун биччана.

«ДЖИГИТОВКА»

дагестанская народная игра

ЗАЛИХА ИДРИСОВА,
к.п.н

Играет вся группа.

СОДЕРЖАНИЕ ИГРЫ:

Участники разбиваются на тройки и выстраиваются на линии старта. Два игрока в каждой тройке берутся за руки, а третий – стоящий в центре – закидывает левую ногу на сцепленные руки своих товарищей. Прыгая вместе с ними, он должен достичь финиша.

ПРАВИЛА ИГРЫ:

1. Начинать игру вместе только по команде воспитателя.
2. Выигрывает тройка, пришедшая к финишу первой.
3. На каждом этапе бегуны в тройке меняются местами.

Аналогичную игру встречаем и у народов Средней Азии, в частности, в Туркмении. Игра развивает силу воли, быстроту, чувство коллективизма, патриотизма.

«КЪОНОРЕЧIIИ» - аварская народная игра.

/къоно – плоский камень/

Играет вся группа.

ИНВЕНТАРЬ: два плоских камня и маленькие камешки.

СОДЕРЖАНИЕ ИГРЫ:

Для игры необходимы два плоских камня четырехугольной формы и небольшие камушки для метания в цель. Местность должна быть ровной.

Перед началом игры выбирают по жеребьевке из команд по одному человеку. Игроки должны договорится о количестве метания. Чертят 2 линии: на одну расставляют плоские камни, а от другой линии начинаю метать в них. Выигрывает та команда, которая не только попала в цель, но и передвинула плоский камень при наименьшем количестве метаний на большое расстояние.

ПРАВИЛА ИГРЫ:

1. Играет 2-10 детей.
2. Метать камень можно, только касаясь земли.
3. Если игрок при метании не попал в цель, то он не имеет права на вторую попытку, уступает место другому члену команды.
4. Выхолить за линию не допускается.
5. Победителей должны проигравшие перенести на спине от одной линии до другой.

Игра распространена среди девочек и мальчиков. Может быть индивидуальной и командной. Необходимо регулировать нагрузку исходя из возрастных особенностей детей: увеличить или уменьшить расстояние для метания и т.д.

Дарс 4

Тема: Предложениял гIуцIизе ругьун гьари.

Дарсил мурад: Лъималазул хIалтIуде ва ракьалде рокьи бижизаби.

РагIаби – пер, ражи, ламадур, капуста, хъабахъ, помидор, охцер, багIаргьоло, гIатIгояб, белъараб, цIамхIалаб, гургинаб, халаткkараб, тIагIамаб.

Алатал – ругони унго-унгоял овощал, гьечIони муляжал, суратал.

I. КIудияб машинаялда чурун рацIцIад гьарурал овощал лъун рачIуна.

РасанкIаби мишка ва гIанкI. Гьал овощазул цIарал ва щибизе гьел хIажалъулебали лъалеб гьечIо гьазда, лъимал. Нилъеца гьезда гьеб малъизе ккела.

АхIмад дуца гьениса щиб босулеб? (…)

Лъималазеги воспитателалъеги бигьалъизе схемаялда рекъон бицина.

2–3 лъимаца схемаялда рекъон овощ бихьизабила.

II. – Воспитателалъ кодоб ламадур ккураб гIанкI-расанкIо бихьизабила.

–Лъимал, гIанкIие цIакъ бокьула ламадур, нилъер машинаялда бугищ ламадур?

РачIа ралагьизе. ГIанкIие кьола ламадур. Кинаб ламадур (халатаб, тIогьилаб, гьуинаб). Гьаб щиб кколеб? Хъабахъ. Абея цо кинацаго **хъабахъ**. Хъабахъ кинаб бугеб? (гьуинаб, гургинаб, гIатIгояб; белъине, бежизе).

Нужер улбуз рокъор кванилъ хIалтIизарулищ овощал? (гьикъула 2–3 лъималазда).

III. Расанди – «ГIажаибаб таргьа» – таргьинибе квер бегьун лъазабила кинал овощал гьенир ругел. (2–3 овощ балагьила).

Кинабго гIамм гьабизе цIалила кечI:
Нижер кIодол пастIанир
Рижун руго овощал.
Охцерал, помидорал
ЦIакъ гьуинаб цо хъабахъ.
Гьале кьералдаги чIун
Редиска, пер ва ражи.
БагIараб помидорги
КIочон гьечIо кIодода.
КIодоца гьал рухъана,
Къечедал лъинги тIуна.
Гьабураб хъулухъалъин
Гьалги кIудиял гIурал.

интернеталда ругел
нижер порталал:
www.maarulal.ru
www.вацлъи.рф
www.odnoklassniki.ru/group/45078110273691

ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ КАЛАМ
(Братская речь)
Культурно - просветительская газета
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Дагестанская региональная
общественная организация
”НАШЕ БРАТСТВО - ВАЦЛЪИ”
E-mail: droo-bratstvo@mail.ru

Редактор
Зайнаб АЛИМИРЗАЕВА
Члены редколлегии:
Б. Мухтарова, Г. Муртазалиев, З. Залова,
И. Таймасханов, М. Дадилов, М. Микаилов,
М. Лабазанов, М. Гаджимаева, М. Абакаров,
М. Шахманов, М. Магомедов
Дизайн и верстка:
Магомед ЛАБАЗАНОВ

Авторы опубликованных
материалов несут
ответственность за точность
приведенных сведений.
Точка зрения редакции не всегда
совпадает с мнением авторов
публикуемых материалов.
Присланные материалы не
рецензируются и не возвращаются

Отпечатана в типографии
ООО «Лотос»
Махачкала, ул. Пушкина, 6
Подписано в печать - 18.00 ч.
Заказ № _____ Тираж 999